

Pou Patnè Kominotè yo: Kijan pou Pale de Vaksen kont COVID-19 yo epi Bay Konfyans nan yo

Patnè kominotè yo jwe yon wòl enpòtan anpil nan bay konfyans nan vaksen yo. Enfòmasyon ki sòti nan gouvènman ak sous klinik yo gen dwa pa gen yon siyifikasyon oswa yon enpòtan patikilye pou manm kominote a. Patnè kominotè ke yo fè konfyans kapab apwoche sijè vaksen an epi bay enfòmasyon nan fason manm kominote a kapab konprann.

Baz Mesaj la

Li esansyèl pou bay enfòmasyon klè ak kòrèk sou vaksen kont COVID-19 yo pou bay konfyans nan yo. Mesaj se yon mo pou dekri apwòch ak metòd global pou yon moun òganize ak bay enfòmasyon sou yon sijè. Li dwe baze sou prèv syantifik e yo dwe prezante li san ni jagon ni langaj ki difisil pou konprann. Lè y ap elabore ak bay mesaj, patnè kominotè yo dwe sèvi ak konsèy ajou ki sòti nan sous yo kapab fye, tankou Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC an (Depatman Sante NYC) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo.

Konsèy pi enpòtan yo pou mesaj:

- Rakonte istwa pèsònèl sou vaksen ak eksperyans lòt moun.
- Ou dwe sensè.
- Mesaj ou a dwe senp ak klè.

Mesaj pi enpòtan yo:

- Vaksen kont COVID-19 yo san danje.
- Vaksen yo pwoteje sosyete a ak tout moun ki ladan.
- Vaksen yo ede vil nou an refè.

Etap yo pou Elabore ak Kreye Mesaj

Men etap ou kapab suiv pou elabore ak bay pwòp mesaj pa w lan:

Etap 1: Ou dwe Konn Piblik Ou a


- Defini piblik ou a.
- Kiyès w ap eseye touche?

Chèche konnen sa ki gen siyifikasyon ak enpòtan pou yo.

- Kisa prensip ak enkyetid piblik ou a ye?
- Ki kesyon sou vaksen yo piblik ou a genyen?

**NYC VACCINE FOR ALL:
SAFE, FREE, EASY**

NYC
Health



Etap 2: Elabore Mesaj ou a

Elabore sa w ap mete nan mesaj la baze sou prensip ak enkyetid piblik ou a.

- Ki langaj, ton ak imaj piblik ou a ap konprann?
- Ki fòm (tankou enprime oswa imèl) k ap touche piblik ou a pi byen?

Bay piblik ou a ide mesaj ou a, epi mande kisa ki mache ak kisa ki kapab amelyore.

Men kèk egzanp:

Prensip oswa Enkyetid Piblik la	Sou Kisa Pou W Konsantre	Egzanp Mesaj
Tradisyon ak kilti	Vaksinasyon ede prezève istwa, fyète kiltirèl, ak respè pou fanmi yo ak tradisyon yo.	“Avèk Ramadan an k ap fini, pran vaksen pou pase Eid san danje avèk fanmi ou ak zanmi ou.” “Lè ou pran vaksen sa ede pwoteje granmoun aje yo.”
Kominote	Patisipasyon ak konesans kominotè fè mesaj la adapte ak kilti an.	“Vaksinasyon ede pwoteje kominote nou an e li pwoteje sante nou tout.”
Fanmi	Vaksinasyon pèmèt nou pase tan ak fanmi nou epi pwoteje youn lòt.	“COVID-19 te separe anpil fanmi pandan plis pase yon ane, men vaksen yo la pou ede nou reyini ak pwòch nou yo.”
Aktivite legliz kominal	Vaksinasyon pèmèt nou reyini san danje ak lòt moun.	“Malgre nou te separe, vaksen yo pèmèt nou reyini kòm kongregasyon ankò.”
Rate travay pou pran vaksen	Gen pwoteksyon ki anplas pou travayè yo pou w kapab pran vaksen, e vaksinasyon an gen avantaj alontèm.	“Èske w enkyè w ap rate travay ou? Gen lwa ki anplas pou pwoteje travay ou epi peye pou tan ou bezwen an pou pran vaksen.”
Mank konfyans nan sistèm medikal la ak nan gouvènman an	Gouvènman an vle pwoteje kominote koulè yo ki viktim COVID-19 yon fason demezire nan ofri vaksen ak sèvis soutyen.	“Rasis kontinye gen konsekans sou lavi moun chak jou. Gen anpil enstitisyon k ap fè chanjman pou rezoud pwoblèm rasis la gras a travay avèk gwoup kominotè yo. Enstitisyon sa yo ap pran mezi tou pou garanti tout moun jwenn vaksen ak lòt sèvis soutyen.”

Etap 3: Bay Mesaj Ou a

Men yon lis fason ou oswa òganizasyon w lan kapab bay mesaj ou a epi touche piblik ou a.

Mete yon mak sou kote sa ou kapab fè yo, epi ekri lòt ki pa nan lis la.

- Piblikasyon lokal yo, tankou jounal oswa magazin
- Konvèsasyon kominotè avèk moun oswa gwoup
- Anons nan sant relijye

- Gwoup WhatsApp
- Emisyon sou radyo oswa emisyon deba, tankou pòdkas
- Enfòmasyon enprime, tankou bilten nouvèl, anons, afich ak kat postal, pou bay men nan men oswa kole sou pankat oswa lòt kote nan kominote a
- Videyo ak afich sou medya sosyal

Priorize bagay yo ak yon mak epi planifye pou chak bagay, sa gen ladan orè lansman, kòmanse tou piti epi agrandi si sa apwopriye.

Etap 4: Reflechi, Amelyore epi Rekòmanse

Gade kisa ki mache ak kisa ki kapab amelyore.

- Èske mesaj ou a touche piblik ou a, èske yo konprann li e èske li ede ba yo konfyans nan vaksen yo?
- Koute kòmantè yo pou adapte mesaj ou a ak jan ou distribye li, si sa nesesè.

Lè ou fin amelyore li, bay li ankò. Efò ou yo ap ede bay konfyans epi rasire piblik ou a.

Lòt Resous

Men kèk lòt resous ki gen pou wè ak vaksen ak COVID-19 pou ede pwoteje kominote yo kont COVID-19:

- **Afich, anons ak videyo Depatman Sante NYC an:**
 - o Pou afich ak anons, ale sou nyc.gov/health/coronavirus epi chwazi opsyon “Posters and Flyers” (Afich ak Anons) la sou bò gòch paj entènèt la.
 - o Pou enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 yo nan plizyè lang, ale sou nyc.gov/covidvaccine.
 - o Pou videyo, ale sou youtube.com/nychealth.
- **Kaiser Family Foundation:** Ale sou greaterthancovid.org/theconversation pou gade videyo pwofesyonèl lasante k ap reponn kesyon yo poze souvan sou vaksen.
- **Ad Council:** Pou resous, atou kreyasyon ak twous zouti sou mesaj pou bay konfyans nan vaksen yo, ale sou adcouncil.org/covid-vaccine.
- **Amplifier:** Pou kanpay atistik ak nimerik pou fè reklam pou vaksinasyon, ale sou amplifier.org.
- **Depo Repons Atistik pou Konfyans nan Vaksen:** Pou resous sou apwòch atistik ak kiltirèl pou bay konfyans nan vaksen, ale sou vaccinate.arts.ufl.edu/vaccine-confidence-repository.
- **Public Health Collaborative:** Pou enfòmasyon ou kapab telechaje pou medya sosyal, sit entènèt oswa prezantasyon, ale sou publichealthcollaborative.org/downloads.